



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Nòt pou laprès Rekritman nouvo Akademisyen

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) kontan anonse piblik la an jeneral, laprès an patikilye, **enstitisyon an fè rekritman dis (10) nouvo Akademisyen**, pami yo, sis (6) fanm ak kat (4) gason.

Daprè dispozisyon atik 21 Lwa kreyasyon Akademi an, (Lwa 7 avril 2014), Akademi Kreyòl Ayisyen an dwe fonksyone avèk 33 Akademisyen pou pi piti, 55 pou pi plis. Pou kounye a, Akademi Kreyòl Ayisyen gen 42 manm avèk de (2) Akademisyen ladan yo ki gen tit *Akademisyen Emerit*: (Max Manigat ak Odette Roy Fombrun).

Se nan okazyon yon Asanble Jeneral estwòdinè nan dat 28 janvye 2022, Konsèy Akademisyen an valide chwa 10 nouvo Akademisyen ki pou entegre Akademi Kreyòl Ayisyen an.

Men lis nouvo Akademisyen yo :

1. Al Duniel **DIMANCHE**
2. Altagrâce **PAYEN AUGUSTE**
3. Chantal **HIRSCH NOËL**
4. Jean Robert **PLACIDE**
5. Lyonel **DESMARATTES**
6. Marie Jeanne Léo **LOUIS CHARLES**
7. Norah **AMILCAR JEAN FRANÇOIS**
8. Régine **DUROSKA MURRAY**
9. Sandra **DUVAL**
10. Yvon **LAMOUR**

Pòtoprens, 10 mas 2022


Rogéda Dorcé DORCIL
Prezidan
Akademi Kreyòl Ayisyen